

Politik Rekouvremman pou Pasyan

BJC Health (“BJC”) ak lopital manm nou yo vle ede ou konprann pwosesis faktirasyon ak rekouvremman an ak resous ki disponib pou ou menm ak fanmi w.

Lopital manm BJC yo ap bay swen san diskriminasyon pou pwoblèm sante ki ijan kèlkeswa kapasite yon pasyan pou l peye. Si w genyen pwoteksyon asirans tankou Medicare, Medicaid, asirans gouvènman, oswa lòt asirans, BJC ap faktire asirans lan apre w fin resevwa tretman. Si w pa gen asirans epi ou gen kesyon sou pwoteksyon w lan oswa nivo avantaj ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an.

Jou Sèvis

Anvan jou sèvis la rive oswa nan jou sèvis la, yo ka mande w peye kotizasyon pa w la pou sèvis yo. Si w gen asirans, y ap detèmine kotizasyon w lan sou baz avantaj asirans ou yo. Si w pa gen asirans, y ap mande ou fè yon depo. Si w pa gen asirans epi ou gen kesyon sou pwoteksyon w lan oswa nivo avantaj ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an. Pasyan ki pa gen asirans yo ap tou resevwa yon rediksyon 40 pousan sou frè yo faktire a epi y ap konsidere yo pou ba yo èd. Selon kalite sèvis la ak nivo èd lajan an, yo ka mande yon pati nan peman an. Nou kapab ba ou yon tablo ki gen Revni ak Rediksyon ki nan Politik Èd Lajan ki montre montan peman yo lè w mande l.

Relve Faktirasyon

Apre tretman w lan, n ap voye relve faktirasyon ou yo ba ou ki endike nenpòt montan ou ka dwe. Nou prevwa w ap peye tout kòb la nan espas 30 jou apre tretman an. Si w bezwen èd pou peye fakti w la, ou ta renmen fè aranjman pou peye, oswa ou ta renmen pou yo konsidere w pou resevwa èd lajan, li enpòtan pou w kontakte nou san pèdi tan nan nimewo telefòn ki sou relve faktirasyon an pou evite yo plase kont ou an nan yon ajans rekouvremman. Anplis relve faktirasyon yo, nou ka rele w konsènan kont ou an.

Demann Enfòmasyon sou Fakti, Litij oswa Demann Fakti Detaye Tanpri kontakte nou nan nimewo telefòn ki sou relve faktirasyon an si w ta renmen mande enfòmasyon sou fakti w la oswa konteste li.

Gen yon relve frè ki detaye pou sèvis lopital yo bay ki disponib lè w mande.

Modalite Peman

Si w pa kapab peye tout montan ou dwe a, gen modalite peman ki disponib kote w ap peye pou pi piti \$25 chak mwa. Li enpòtan pou mete an plas yon modalite peman atravè pòtay pasyan an oswa lè w rele nou nan nimewo

telefòn ki sou relve faktirasyon w lan pou nou asire nou modalite yo apwouve epi yo an plas. Lè peye yon pati nan kòb la san w pa genyen yon plan peman, sa kapab fè nou plase kont ou an nan yon ajans rekouvremman.

DIREKTIV KI GEN POU WÈ AK MODALITE PEMAN	
Montan ki sou Kont lan	Delè Maksimòm
Mwens pase \$500	12 mwa
\$500–\$1,499	18 mwa
\$1,500–\$4,999	24 mwa
\$5,000 oswa plis	36 mwa

Ajans Rekouvremman

Lopital ki manm BJC yo itilize ajans rekouvremman yo pou ede yo jwenn montan pasyan yo pa peye yo. Yo ka plase montan pasyan an pa peye a, ki pa sou yon plan peman etabli, nan yon ajans rekouvremman apre yo fin voye omwen twa relve faktirasyon bay pasyan an.

Yo ka voye montan pasyan an pa peye, kote gen echanj kourye ki fèt sou li, bay yon ajans rekouvremman a nenpòt moman pandan pwosesis rekouvremman an. Ajans rekouvremman an ap voye lèt rekouvremman yo bay pati ki responsab la. Mete sou sa, yo ka rele li konsènan montan li poko peye a.

Ou ka aplike pou resevwa èd lajan a nenpòt moman pandan pwosesis rekouvremman an, jiska 240 jou apre premye fakti a. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou politik èd lajan BJC a ak yon aplikasyon, oswa fè yon demann pou resevwa avi alekri oswa mesaj pa mwayen elektwonik lè w pale avèk yon reprezantan Sèvis Pasyan oswa lè w rele nan:

- 314-362-8400 oswa 855-362-8400 pou BJC HealthCare
- 816-932-5678 oswa 888-581-9401 pou Saint Luke's
- 417-815-8846 oswa 833-345-1395 pou St. Louis Children's nan CoxHealth

Enfòmasyon ak fòm aplikasyon yo disponib anliy tou:

- BJC.org pou BJC HealthCare
- SaintLukesKC.org/financial-assistance pou Saint Luke's
- BJC.org pou St. Louis Children's nan CoxHealth

Pa ezite poze kesyon sou zafè èd lajan an. Nou la pou nou ede w.

Politik Rekouvremman pou Pasyan

BJC Health (“BJC”) ak lopital manm nou yo vle ede ou konprann pwosesis faktirasyon ak rekouvremman an ak resous ki disponib pou ou menm ak fanmi w.

Lopital manm BJC yo ap bay swen san diskriminasyon pou pwoblèm sante ki ijan kèlkeswa kapasite yon pasyan pou l peye. Si w genyen pwoteksyon asirans tankou Medicare, Medicaid, asirans gouvènman, oswa lòt asirans, BJC ap faktire asirans lan apre w fin resevwa tretman. Si w pa gen asirans epi ou gen kesyon sou pwoteksyon w lan oswa nivo avantaj ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an.

Jou Sèvis

Anvan jou sèvis la rive oswa nan jou sèvis la, yo ka mande w peye kotizasyon pa w la pou sèvis yo. Si w gen asirans, y ap detèmine kotizasyon w lan sou baz avantaj asirans ou yo. Si w pa gen asirans, y ap mande ou fè yon depo. Si w pa gen asirans epi ou gen kesyon sou pwoteksyon w lan oswa nivo avantaj ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an. Pasyan ki pa gen asirans yo ap tou resevwa yon rediksyon 40 pousan sou frè yo faktire a epi y ap konsidere yo pou ba yo èd. Selon kalite sèvis la ak nivo èd lajan an, yo ka mande yon pati nan peman an. Nou kapab ba ou yon tablo ki gen Revni ak Rediksyon ki nan Politik Èd Lajan ki montre montan peman yo lè w mande l.

Relve Faktirasyon

Aprè tretman w lan, n ap voye relve faktirasyon ou yo ba ou ki endike nenpòt montan ou ka dwe. Nou prevwa w ap peye tout kòb la nan espas 30 jou aprè tretman an. Si w bezwen èd pou peye fakti w la, ou ta renmen fè aranjman pou peye, oswa ou ta renmen pou yo konsidere w pou resevwa èd lajan, li enpòtan pou w kontakte nou san pèdi tan nan nimewo telefòn ki sou relve faktirasyon an pou evite yo plase kont ou an nan yon ajans rekouvremant. Anplis relve faktirasyon yo, nou ka rele w konsènan kont ou an.

Demann Enfòmasyon sou Fakti, Litij, oswa Deamann Fakti Detaye
Tanpri kontakte nou nan nimewo telefòn ki sou relve faktirasyon an si w ta renmen mande enfòmasyon sou fakti w la oswa si w ta renmen konteste li.

Gen yon relve frè ki detaye pou sèvis lopital yo bay ki disponib lè w mande.

Modalite Peman

Si w pa kapab peye tout montan ou dwe a, gen modalite peman ki disponib kote w ap peye pou pi piti \$25 chak mwa. Li enpòtan pou mete an plas yon modalite peman atravè pòtay pasyan an oswa lè w rele nou nan nimewo telefòn ki sou relve faktirasyon w lan pou nou asire nou modalite yo apwouve epi yo an plas. Lè peye yon pati nan kòb la san w pa genyen yon plan peman, sa kapab fè nou plase kont ou an nan yon ajans rekouvremant.

DIREKTIV KI GEN POU WÈ AK MODALITE PEMAN

Montan ki sou Kont lan	Delè Maksimòm
Mwens pase \$500	12 mwa
\$500–\$1,499	18 mwa
\$1,500–\$4,999	24 mwa
\$5,000 oswa plis	36 mwa

Ajans Rekouvremant

Lopital ki manm BJC yo itilize ajans rekouvremant yo pou ede yo jwenn montan pasyan yo pa peye yo. Yo ka plase montan pasyan an pa peye a, ki pa sou yon plan peman etabli, nan yon ajans rekouvremant apre yo fin voye omwen twa relve faktirasyon bay pasyan an. Yo ka voye montan pasyan an pa peye, kote gen echanj kourye ki fèt sou li, bay yon ajans rekouvremant a nenpòt moman pandan pwosesis rekouvremant an. Ajans rekouvremant an ap voye lèt rekouvremant yo bay pati ki responsab la. Mete sou sa, yo ka rele li konsènan montan sa yo li poko peye.

Ou ka aplike pou resevwa èd lajan a nenpòt moman pandan pwosesis rekouvremant an, jiska 240 jou apre premye fakti a. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou politik èd lajan BJC a ak yon aplikasyon, oswa fè yon demann pou resevwa avi alekri oswa

mesaj sou fòm elektwonik lè w pale avèk yon reprezantan Sèvis Pasyan oswa lè w rele nan:

- 314-362-8400 oswa 855-362-8400 pou BJC HealthCare
- 816-932-5678 oswa 888-581-9401 pou Saint Luke's
- 417-815-8846 oswa 833-345-1395 pou St. Louis Children's nan CoxHealth

Enfòmasyon ak fòm aplikasyon yo disponib anliy tou sou:

- BJC.org pou BJC HealthCare
- SaintLukesKC.org/financial-assistance pou Saint Luke's
- BJC.org pou St. Louis Children's nan CoxHealth

Pa ezite poze kesyon sou zafè èd lajan an. Nou la pou nou ede w.